

# DIFTERI TETANÒS AK KOKLICH

# VAKSEN

## SA OU DWE KONNEN

### 1. Poukisa pou pwan vaksen?

**Difteri, tetanòs, ak koklich se bakteri (mikwob) ki lakoz gwo maladi sa yo.** Difteri ak Koklich, se maladi yon moun kapab pase bay yon lot. Mikwob tetanos-lan rantrè nan kò yon moun si-l gen yon blesi osinon yon maleng.

**DIFTERI** se yon maladi ki fè yon gwo kal anndan gòj ou.

- Sa kapab vin lakoz pwoblèm pou-w respire, ou kapab vin enfim, ou kapab gen maladi ke, epitou ou kapab menm mouri.

**TETANÒS (Machwè Red)** se yon maladi ki lakoz venn yo vin rèd epi sa bay anpil doule, anpil foua ou gen doule nan tout ko-w. prèske nan tout kò ou.

- Maladi sa-a kapab lakoz macwe yon moun vin sere si telman di moun lan pa kapab louvri bouch li ni vale anyen. Sou chak 10 moun ki gen tetanos, gen youn ki mouri.

**KOKLICH** se yon maladi ki lakoz moun lan touse anpil san pwan souf – si se yon ti bebe li difisil pou li manje, oswa bwè oswa respire. Tous sa-a kapab dire plizyè semenn.

- Sa kapab lakoz nemoni, kriz (tranble oswa je vire), domaj nan sèvo, ak lanmò.

**Vaksen kont Difteri, tetanòs, ak koklich (DTaP) lan kapab anpeche maladi sa yo.** Pweske tout timoun ki pran vaksen sa-a pap genyen maladi sa yo pandan tout tan yo ti moun. Anpil lòt timoun ap pran maladi sa yo si nou sipann ba yo vaksen.

Vaksen DtaP-an se yon vaksen ki pi anfòm ke ansyen modèl vaksen ki rele DTP-an. Yo pa sèvi ak vaksen DTP-an ankò ozetazini.

### 2. Ki moun ki ta dwe pran vaksen DTaP-an epi kile pou yo pwan-l?

**Timoun** ta dwe pran 5 dòz vaksen DTaP-an, yon dòz nan chak laj sa yo:

2 mwa	4 mwa	6 mwa
15 a 18 mwa		4 a 6 ane daj

Vaksen DtaP-an, timoun lan kapab pran li menm lè ak lòt vaksen

### 3. Gen timoun ki pa ta dwe pran vaksen DtaP-an oswa yo ta dwe rete tann

- Timoun ki gen ti maladi tankou grip kapab pran vaksen. Men, timoun ki gen maladi ki yon tijan grav oswa maladi ki grav menm ta dwe rete tann pou jiskaske yo fin refè avan yo pran vaksen deteape DTaP-an.
- Nenpòt timoun ki fè alèji ki ta ka tiye li aprè-l fin pwan vaksen DTaP-an pa ta dwe pwan yon lòt dòz.
- Nenpòt timoun ki ta soufri maladi nan sèvo oswa maladi nan nè li pandan 7 jou apre li fin pran yon dòz vaksen DTaP-an pa ta dwe pwan yon lòt dòz.
- Pale ak doktè ou si pitit ou an:
  - te fè kriz oswa te sot tone briskeman apre li fin pran yon dòz vaksen deteape an,
  - si li te kriye san rete pou 3 èdtan ou plis apre li fin pran yon dòz vaksen deteape an,
  - si li te gen lafyèb ki te monte plis pase 105 degre Farenheit apre li fin pwan yon dòz vaksen DTaP-an.

Si-w bezwen plis enfòmasyon sou vaksen DTaP-an mande dokte-w oswa enfimye-w. Gen nan timoun sa yo ki pa ta dwe pran yon lòt dòz vaksen koklich lan, men yo kapab pran yon vaksen ki rele **DT** ki pa gen vaksen kont koklich ladann..

### 4. Timoun ki pi gran ak Granmoun

Nenpòt moun ki gen 7 ane daj ou plis pa ta dwe pran vaksen DTaP-an paske se sèlman pou timoun ki gen mwens ke 7 an yo bay lisans pou vaksen sa a.

Men, timoun ki pi gran, jenn timoun ak granmoun toujou bezwen pwoteksyon kont tetanòs ak difteri. Yo konseye pou yo ta bay timoun ki gen 11 a 12 an daj yon vaksen an plis ki rele Td epi apre sa chak 10 zan. Gen yon lòt yon Deklarasyon sou Enfòmasyon Vaksen sa-a apa.

## 5. Ki danje ki genyen nan vaksen DTaP-an?

Gen plis danje nan maladi difteri, tetanòs oswa maladi koklich ke nan pwan vaksen kont yo.

Men, menmjan tankou nenpòt medikaman, yon vaksen kapab lakoz gwo pwoblèm, tankou gwo alèji. Pa gen anpil chans pou vaksen DTaP-an ta lakoz gwo domaj oswa lanmò.

### Ti Pwoblèm (Ki ka rive souvan)

- Lafyè (sou chak 4 timoun, gen youn ki gen lafyè)
- Kote li pran vaksen -an ka vin wouj oswa anfle (sa rive youn sou chak 4 timoun)
- Kote li pran vaksen -an ka vin fè l mal oswa li ka vin rèd (sa rive youn sou chak 4 timoun)

Pwoblèm sa yo plis pase apre katriyèm a senkyèm dòz vaksen DTaP-an pase apre premye doz yo. Gen delè, apre katriyèm oswa senkyèm dòz vaksen DtaP-an, tout ponyèt-lan oswa tout janm-lan ki te resevwa vaksen -an kapab vin anfle, sa kapab dire 1 a 7 jou (sa rive anviwon youn sou chak 30 timoun)

### Lòt ti Pwoblèm ankò:

- Timoun-lan kapab kriye detanzantan (youn sou chak 3 timoun)
- Fatig oswa pa gen apeti (youn sou chak 10 timoun)
- Vomisman (youn sou chak 50 timoun)

Pwoblèm sa yo plis rive 1 a 3 jou apre vaksen an.

### Pwoblèm ki yon tijan Gwo (Sa pa rive souvan)

- Kriz ki kapab tranbleman oswa je vire (anviwon youn sou chak 14 mil timoun)
- Kriye san rete pou 3 èdtan ou plis (anviwon youn sou chak mil tinoun)
- Gwo lafyè cho, ki monte plis pase 105 degre Farenheit (anviwon youn sou chak 16 mil timoun)

### Pwoblèm grav (Sa Pase trè Raman)

- Gwo alèji a vaksen an (mwens ke youn sou 1 milyon dòz)
- Yo fè klizyè plizyè lòt pwoblèm grav apre vaksen DTaP-an . Nan yo genyen:
  - Kriz ki dire anpil, koma, mank de konesans.
  - Domaj pèmanan nan sèvo.

Sa tèlman ra, li difisil pou konnen si se vaksen- an ki lakoz sa.

---

Kontwolwe lafyè enpòtan anpil espesyalman pou timon ki konn gen kriz pou yon rezon kèlkonk. Li enpòtan tou si gen lòt moun nan fanmi- lan ki konn gen kriz. Ou kapab bay timoun lan remèd ki pa gen aspirin pou desann lafyè-lan ak pase doule-an lè li pran vaksen- an, epi pou 24 èdtan ankò dapre sa ki ekri sou bwat medikaman-an.

## 6. E si vaksen fè yon efè ki yon tijan serie oswa grav?

Ki sa pou -m ta dwe siveye?

Nenpòt bagay ki pa nòmal, tankou gwo alèji a vaksen-an, gwo lafyè cho oswa lòt konpotman li ki pa nòmal. Gwo ka aleji yo ra anpil kèlkeswa vaksen -an. Si youn nan yo ta rive, sa tap plis rive kèlke minit oswa kèlke èdtan apre vaksen an. Jan de bagay ou kapab wè se, difikilte pou respire, vwa anwe oswa si li respire tankou moun ki gen las, si li gen bagay ki leve sou po li, si li parèt pal, si li gen feblès, si kè li bat vit oswa si li gen toudisman. Si ta gen gwo lafyè cho oswa kriz, sa tap plis rive anviwon youn semenn apre vaksen -an.

Ki sa pou -m fè?

- Rele doktè, oswa mennen moun lan kay doktè touswit.
- Di doktè ou lan sak pase, ki dat, ki lè sa te rive, epi ki lè vaksen -an te pwan
- Mande doktè ou lan, enfimyè, oswa depatman lasante pou yo ka fè rapò pou move efè vaksen an fè, rapò sa a rele *Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS)* nan **1-800-822-7967**.

## 7. Pwogram Nasyonal Pou Dedomajman nan Vaksen si vaksen-an fe yon move efe sou ou

Se yon bagay ki ra, men si yon vaksen ta fè yon move efè sou ou oswa sou pitit ou, leta mete yon pwogram anplas pou ede peye pou pran swen moun vaksen te fè move efè sou yo.

Pou detay sou Pwogram Nasyonal Pou Dedomajman nan Vaksen an, rele **1-800-338-2382** oswa ale nan paj entènèt pwogram lan, se <http://www.hrsa.gov/osp/vicp/>

## 8. Kouman mwen kapab aprann plis?

- Mande doktè ou. Yo ka ba ou enfòmasyon ki andan bwat vaksen an oswa yo ka fè ou konnen ki kote ou ka jwenn enfòmasyon.
- Rele depatman ki bay vaksen nan depatman lasante ki bò kote ou abite an.
- Pran kontak ak Sant pou Kontwòl e Anpeche Maladi (CDC):
  - Call 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)
  - Vizite Pwogram Nasyonal pou Vaksinasyon nan entènèt, se: <http://www.cdc.gov/nip>

U.S. Department of Health & Human Services  
Centers for Disease Control and Prevention  
National Immunization Program

Vaccine Information Statement – Haitian Creole  
DTaP (7/30/01) 42 U.S.C. 300aa-26